

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Hal anu diguar dina ieu bab nyaéta ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, sarta instrumén anu dipaké dina panalungtikan.


3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa prosés atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Nurutkeun Umar (2008, kc. 6) désain panalungtikan nyaéta rarancang gawé struktur hubungan-hubungan antara variabel sacara kompéhénsif sangkan hasilna bisa méré jawaban tina masalah-masalah nu nyampak. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan nyaéta tahap nangtukeun masalah, ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, sarta nangtukeun jeung nyieun instrumén.

Désain dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta wangun panalungtikan ngeunaan risét anu sipatna déskriptif jeung prosésna maké analisis. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 15) pamarekan kualitatif dipaké pikeun ngumpulkeun data nu ngandung ma'na.

Métode anu digunakeun dina panalungtikan métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik ku Endraswara (2013, kc. 176) disebut métode déskriptif kualitatif. Métode déskriptif analitik mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun fakta tina objék anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Cindekna, métode déskriptif analitik téh nyaéta métode nu dilaksanakeun pikeun maluruh pasualan-pasuakan faktual anu di jerona miboga data-data nu boga ma'na anu satuluyna bisa mangaruhan substansi panalungtikan sacara signifikan.

Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis struktur carita jeung aspék moralitas nu aya dina pilem “Antara D jeung D”. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipidangkeun désain panalungtikan dina wangun bagan.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Hal anu dipedar dina ieu subbab ngeunaan data jeung sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung ajén moralitas dina pilem “Antara D jeung D”.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa subjékna panalungtikan (Arikunto, 2010, kc.172). Ku ayana sumber data, masalah anu ditalungtik bisa dipikanyaho anu satuluyna dipedar pikeun diolah. Sumber data utama anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pilem “Antara D jeung D” anu aya dina YouTube Chyé Rétyy Isnéndés.

3.2.3 Carpon jeung Pilem

Hal anu dipedar dina bagéan ieu dipedar ngeunaan idéntitas carpon jeung pilem, sinopsis pilem, jeung biografi pangarang.

3.2.3.1 Idéntitas Carpon jeung Pilem

- a. Judul : Antara D jeung D
 - Pangarang : Chyé Rétyy Isnéndés
 - Taun Dijieuna : 1995
 - Jenis : Carpon
- b. Judul : Ekranisasi Carpon “Antara D jeung D”
 - Sutradara : Rizal Kusaendi
 - Taun Rilis : 2021
 - Durasi : 17 Menit

Elsa Raysa Agustina, 2024

AJÉN MORALITAS DINA PILEM “ANTARA D JEUNG D” (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Produksi : Chanel YouTube Chyé Rétyy Isnéndés

Script Writer : Felira Al Syifa A

Manajer Lokasi: Erick Rizky Febrianto

Mita Nurfitriyani

Ailman Nurfarid

Irsan Nurfalalah

Artistik : Nuraeni Lestari

Dina Damayanti

Elin Marlina

Properti : Anisa Ramadhani

Imas Siti Kulsum

Ulul Azmi Fatwa

Musik : Fajar Firmansyah

Fajar Siddiq

Fadli

Pamaén

Dude : Ulul Azmi Fatwa

Enung : Nita Puspita

Tantan : Budi Purnomo

Tukang Kaset : Erick Rizky Febrianto

Mahasiswa : Mita Nurfitriyani jeung Anisa
Ramadhani

3.2.3.2 Ringkesan Carita jeung Sinopsis Pilem “Antara D jeung D”

a. Ringkesan Carita Carpon “Antara D jeung D”

Ieu carpon téh nyaritakeun sosobatan antara Enung jeung Dude, anu lilana opat taun. Enung jeung Dude ngobrol ngeunaan kahirupana séwang-séwangan. Enung nyaritakeun kaayaan haténa ka Dude anu keur ngarasa nyeri haté ku beubeureuhna nyaéta Dudi. Salila ieu Dude geus jéngkél, lantaran topik obrolana si Dudi deui, si Dudi deui. Enung teu ngaragap kana perasaan Dude yén sabenerna Dude téh hayang ngapimilik Enung hartina hubungana hayang leuwih ti sosobatan. Tapi antukna sanggeus Dude nyarita Enung kalah ngajauhan Dude.

b. Sinopsis Pilem “Antara D jeung D”

Ieu pilem pondok téh nyaritakeun Dude. Lalaki bangor anu hirupna robah 180 darajat alatan Enung, awéwé manis nu bulu panonna carentik. Dude jeung Enung téh sosobatan, sobat nu bisa silih tarima sagala kaayaan tur bisa silih bantuan. Dude anu jadi deudeuh ka Enung, geus usaha nahan rasana, lantaran Enung geus bobogohan jeung Dudi. Hiji waktu Dude ngedalkeun kaambekna, lantaran ngarasa hubungan Enung jeung Dudi geus teu pantes deui. Dude ngajauhan, kitu ogé Enung anu jadi kakaburan unggal panggih jeung Dude. Di hiji tempat maranéhna amprok deui, ngobrolkeun nasib sosobatanana.

3.2.3.3 Biografi Pangarang Carpon

Chyé Rétty Isnéndés, pituin urang Nagrak, Sukabumi. Lahir tanggal 2 Désémber 1972. Kiwari cekel gawé di jurusan Pendidikan Bahasa Sunda (UPI). Panyajak, pangarang carita pondok, jeung panulis éséy dina basa Sunda. TK, SD, Madrasah, jeung SMP-na di Nagrak sarta SMA-na di Cibadak. Taun 1993 miluan UMPTN tur lulus dina pilihan kahiji Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS IKIP Bandung. Mimiti resep nulis sajak ti SD kénéh (dina basa Indonésia), di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda (su.wikipedia, 2017).

Kumpulan sajakna nu mimiti nyaéta *Kidang Kawisaya* (1999) meunang pangléler Hadiah Rancagé taun 2000. Salian ti éta aya ogé sawatara pangléler lainna kayaning Diploma ti muséum Seni Anak dan Remaja Oslo-Norwégia taun 1991

(SMA) kana puisina “Disasters”, Pinunjul Nulis Sajak Sunda sa-Jawa Barat nu diayakeun ku Hima Pensatrada taun 1996, Penghargaan Pangarang Ngora ti Granesia (1996), Penghargaan Sirung Harepan ti Granesia (1997), Pinunjul I Baca Puisi (Indonésia) tingkat Mahasiswa/Umum ti IKAPI (1998), Piagem Sastra ti LBSS kana skripsina “Analisis Puisi Mantra di Kacamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi” (1998), Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Rancagé nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi, keur kumpulan sajakna *Kidang Kawisaya* (2000), pinunjul ngarang carita pondok nu diayakeun ku PPSS & Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Propinsi Jawa Barat (2007), jeung Pinunjul nulis sajak Sunda nu diayakeun ku PPSS (2008). Sawatara karya sastrana bacacar dina antologi-antologi (Sunda jeung Indonésia).

Salian ti nulis karya sastra, Chyé ogé nulis buku nu patali jeung paélmuan nu diulikna nyaéta *Téori Sastra* (1999) jeung *Kajian Sastra* (2010). Sabagian pamikiranana diposting dina blogna <http://chyeretty.wordpress>, sabagian sajak nu dimusikalisasi diposting dina grup Nu Nyusuk dina Sukma dina Facebook. Dina Facebook ogé, Chyé jadi admin dina grup *Save Baduy* jeung ngabina penulis sastra dina grup Kandaga Sastra. Taun 2011 miluan *sandwich* di Leiden tilu bulan dina raraga riset kapustakaan di KITLV pikeun ngaréngsékeun kuliah S3-na.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Hal anu dipedar dina ieu subbab ngeunaan téhnik panalungtikan. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling stratégis dina panalungtikan, tujuanna pikeun ngumpulkeun data (Sugiyono, 2016, kc. 224). Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyéta studi pustaka. Studi pustaka nu dilakukeun dina ieu panalungtikan ku cara néangan informasi jeung référénsi dina bentuk *text book*, *literature*, jurnal, *ebook*, informasi jeung *internet searching* atawa sumber-sumber séjénna. Téhnik studi pustaka ieu

digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data anu ditalungtik, nyaéta nalungtik struktur jeung ajén moralitas dina pilem “Antara D jeung D”.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun ngolah data dina panalungtikan sangkan bisa ngahasilkeun kacindekan. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngolah data nyaéta analisis data. Nurutkeun Moleong (2000, kc. 103) analisis data mangrupa prosés ngaorganisasikeun jeung nguruntuykeun data kana pola, katégori, jeung pedaran dasar sangkan nyangking téma anu bisa dirumuskeun hipotésisna nurutkeun saran data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun format analisis saperti ieu di handap.

Tabel 3.1
Format Tabél Analisis Struktur Carita

No.	Struktur Carita	Cutatan/Gambar	Kode
1.	Téma, fakta carita, sarana carita.	Cutatan dina pilem “Antara D jeung D”	PADD/MN

Keterangan:

- a. PADD : Pilem “Antara D jeung D”
- b. MN : Menit

Tabél 3.2
Format Tabél Analisis Ajén Moralitas


No.	Kode Data	Cutatan/Gambar	Ajén Moral Dumasar Konsep Bertens			
			1	2	3	4
1.	PADD/MN	Cutatan dina pilem “Antara D jeung D”				

Keterangan:

- a. PADD : Pilem “Antara D jeung D”
- b. MN : Menit
- c. 1 : Ajén moral anu patali jeung tanggung jawab
- d. 2 : Ajén moral anu patali jeung nurani
- e. 3 : Ajén moral anu dipatna ngawajibkeun
- f. 4 : Ajén moral anu sipatna formal

3.4 Alur/Prosedur Panalungtikan

Alur dina ieu panalungtikan dipedar dina bagan 3.2.



Bagan 3.2 Alur Panalungtikan